# way-maandu ñi de fa Yàlla danañu nekk ci kaw i minbari leer, nekk ca ndeyjooru Yàlla Aji-Yëréme ju màgg ji te tedd te yaari loxoom yépp ndeyjoor la

Jële nañu ci Abdullah Ibn Amr -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "way-maandu ñi de fa Yàlla danañu nekk ci kaw i minbari leer, nekk ca ndeyjooru Yàlla Aji-Yëréme ju màgg ji te tedd te yaari loxoom yépp ndeyjoor la, ñooñu ñooy ñiy Mandu ca séen i àtte ak séen i njaboot ak lépp lu ñu méngoo».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne ñi nga xam ne dañuy àtte nit ñi nekk ci séen suufu kilifteef cig maandu ak dëgg, ak ci séen i àtte ak séen i njaboot, ñoom de danañu toog ci ay baŋ yu kawe te yëkkëtiku di yu ñu bind cig leer, ngir teral leen ëllëg bis-pénc. Te minbar yii ca ndeyjooru Yàlla Aji-Yërëme ju kawe ji lay nekk, te yaari loxoom yépp -tudd naa sellam ga- ndeyjoor la.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4935

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee